# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕНЕСИНИҢ ҚАРАРЫ

## Жанылғы-майлаў материаллары ҳәмде дәри-дармақ препературлары яки медициналық буйымлар менен саўда етиў қағыйдаларын тастыйықлаў ҳаққында

«Дәри препаратлары ҳәм фармацевтика искерлиги ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамы, Өзбекистан Республикасының Ҳәкимшилик жууапкершилик ҳаққындағы Кодекси, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1994-жыл 6-августтеги «Республикада дәри-дармақлар ҳәм медициналық буйымлар менен тәмийинлеўди ҳәм оларды бөлистириўди жақсылаўға тийисли кешиктирип болмайтуғын ис-иләжлар ҳаққында»ғы 404-санлы, 2003-жыл 28-июндеги «Нефть өнимлерин сатыў бойынша искерликти лицензиялаў ҳаққында»ғы 289-санлы қарарларына муўапық Қарақалпақстан Республикасы аймағында жанылғы-майлаў материаллары ҳәмде дәри-дармақ препературлары яки медициналық буйымлар менен саўда етиўди тәртипке салыў мақсетинде, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**Қ А Р А Р  Е Т Е Д И:**

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағында жанылғы-майлаў материаллары ҳәмде дәри-дармақ препературлары яки медициналық буйымлар менен саўда етиў қағыйдалары (кейинги орынларда Қағыйдалар деп жүритиледи) қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер (Бердиев), Денсаўлықты сақлаў (Ходжиев) министрликлери, Мәмлекетлик салық (Достанов) басқармасы, «Ўздавнефтгазинспекция» Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими (Убайдуллаев) Қарақалпақстан Республикасы аймағында усы Қағыйдаларға әмел етилиўи үстинен нызамшылықта белгиленген тәрипте қадағалаў орнатсын.

3.«Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Вести Каракалпакстана» газеталары редакциясы (Реймов) ҳәм Қарақалпақстан Республикасы компьютерлестириў орайы мәмлекетлик унитар кәрханасы (Аширбеков) усы қарарды “Еркин Қарақалпақстан” ҳәм “Вести Каракалпакстана” газеталарында рәсмий жәрияласын
ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң рәсмий веб-сайтына жайластырсын.

4.Усы қарардың орынланыўын қадағлаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары М. Мамутовқа жүклетилсин.

5.Бул қарар рәсмий жәрияланған күннен үш айдан кейин күшке киреди.

**Қарақалпақстан Республикасы**

**Министрлер Кеңеси баслығы Б. Янгибаев**

Қарақалпақстан Республикасы

Министрлер Кеңесиниң

2016-жыл «____»________дағы

______-санлы қарарына

қосымша

## Қарақалпақстан Республикасы аймағында жанылғы-майлаў материаллары ҳәмде дәри-дармақ препаратлары яки медициналық буйымлар менен саўда етиў қағыйдалары

## I. Улыўма Қағыйдалар

1. Усы Қағыйдалар Қарақалпақстан Республикасы аймағында жанылғы-майлаў материаллары ҳәмде дәри-дәрмақ препаратлары яки медициналық буйымлар менен саўда искерлигин шөлкемлестириўге қойылатуғын тийкарғы талапларды белгилейди.

2. Усы Қағыйдаларда төмендеги тийкарғы атамалар ҳәм түсиниклерден пайдаланылады:

**Жанылғы-майлаў материаллары -** автобензин, дизель жанылғысы, печь жанылғысы, нефть битумы, сондай-ақ техник майлар ҳәм майлаў материаллары есапланады.

**Дәри-дәрмақ препаратлары –** келип шығыўы тәбийғий ҳәм келип шығыўы жасалма болған бир яки бирнеше дәрилик затлар (субстанциялар) ҳәмде жәрдемши затлар тийкарында пайда болған, кеселликтиң алдын алыў, диагноз қойыў ҳәм емлеў ушын қоллаўға рухсат етилген затлар.

**Медициналық буйымлар-**кеселликтиң алдыналыў, диагноз қойыў ҳәм емлеў ушын медицинада қолланылатуғын буйымлар.

## II. Жанылғы-майлаў материаллары

1.Жанылғы-майлаў материаллары сатыў бойынша искерлик лицензияланыўы керек (оларды заводта ыдысқа қадақланғанларынан тысқары). Лицензия алыў талаплары ҳәм шәртлери тийисли нызам ҳүжжетлерине муўапық әмелге асырылады.

2. Жанылғы-майлаў материаллары сатыў бойынша искерлик тек ғана нызам ҳүжжетлеринде орнатылған тәртипте тийисли лицензияға ийе болған юридик шахслар тәрепинен әмелге асырылады.

3.Жанылғы-майлаў материалларын физикалық шахслар тәрепинен базарларда,

көшеде, жәмәәтлик орынларда ҳәм үйде сатылыўы;

жанылғы-майлаў материалларын Ҳүкимет қарарлары менен белгиленген баҳалардан жоқары баҳаларда сатылыўы қатаң қадаған етиледи.

## III. Дәри-дәрмақ препаратлары ҳәм медициналық буйымлар

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағында дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымларды сатыў менен шуғылланыўға фармацевтика искерлигин әмелге асырыў ушын лицензияға ийе болған дәрихана мәкемелерине рухсат етиледи.

Атап өтилген дәрихана мәкемелеринде дәри-дәрмақларды сатыўға тек ғана арнаўлы фармацевтик мағлыўматқа ийе болған шахсларға рухсат бериледи.

2. Дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымлардың физикалық ҳәм юридикалық шахслар тәрепинен дәрихана мәкемелеринен тысқарыда базарларда, көшеде, жәмәәтлик орынларда ҳәм үйде сатылыўы;

дәри-дәрмақ препаратлары баҳаларына Ҳүкимет қарарлары менен белгиленген үстемелерден жоқары үстеме белгилеген ҳалда сатылыўы қатаң қадаған етиледи.

3. Барлық дәрихана мәкемелери қайсы органға қараслылығы ҳәм мүлкшилик формасына қарамастан, мәжбүрий ассортименттеги дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымларға мәжбүрий тәртипте ийе болыўлары ҳәм олардың еркин сатылыўын тәмийинлеўлери шәрт.

4. Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен врачтың рецептисиз бериўге рухсат етилген дәри-дәрмақлардан тысқары барлық дәри-дәрмақлар дәриханалардан тек ғана белгиленген формалардағы рецептлерге тийкар бериледи.

5. Врач рецептисиз берилетуғын дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымлар таяр дәри-дәрмақ берилетуғын витринаға баҳасы көрсетилген ҳалда қойылады.

6. Төмендегилер:

Өзбекистан Республикасында дизимнен өткерилмеген ямаса муўапықлық сертификатына ийе болмаған дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымларды сатыў;

дәрихана мәкемелери тәрепинен юридик ҳәм физикалық шахслардан муўапықлық сертификатлары болмаған дәри-дәрмақлар ҳәм медициналық буйымларды қабыллап алыў;

қәлбекилестирилген ҳәм дизимнен өткерилмеген дәри препаратларын, сондай-ақ Өзбекистан Республикасында дизимнен өткерилген дәри препаратларының нызамсыз нусқаларын сатыў қадаған етиледи.

## IV. Усы Қағыйдаларды бузғанлық ушын жуўапкершилик ҳаққында

Усы Қағыйдалардың бузылыўы Өзбекистан Республикасы Ҳәкимшилик

жуўапкершилик ҳаққындағы Кодекстин 164-статьясына тийкар ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылыўына тийкар болады.

*Ko'rib chiqildi:*